

Assalamu'alaikum Wr. Wb.

Kawilujengan saha katentreman mugè tansah kajiwa kasarira déning kula panjenengan sadaya sinarta berkah saha rahmatipun Gusti Allah Ingkang Maha Kawasa.

Bapak ustadz H. Ali Syakirin ingkang dhahat kinurmatan, Bapak kepala padukuhan Mekar ingkang kinurmatan, bapak/ibu jamaah Masjid Miftakhul Jannah ingkang kinurmatan ugi, saha sadaya jamaah pengaosan ingkang mugè tansah bagya mulya.

Agunging puji pangalembana namung konjuk wonten Ngarsa Dalem Gusti Allah SWT ingkang amurba amisésa sadaya titah ingkang sampun cinipta ing jagad pramudita, inggih awit sih wilasanipun kula lan panjenengan sadaya saged lenggah pepanggihan ing sasana punika saperlu thalabul 'ilmi ngangsu kawruhing agami ingkang murakabi kanggé gesang kula panjenengan sami.

Shalawat saha salam mugè tansah konjuk dhumateng pepanutan kula panjenengan sadaya inggih panjenenganipun Kanjeng Nabi Agung Muhammad SAW, mugè lumèbèra dhateng garwa putra, shahabat, saha sadaya titah ingkang ndhèrèk dhawuh-dhawhipun ngantos puputing jaman, mugè kalebetna kula lan panjenengan sadaya ingkang lenggah ing sasana punika. Lan mugè-mugè ing Yaumul Akhir mangké kula lan panjenengan tansah pikantuk syafa'atipun. Amin.

Dhumateng panjenenganipun Bapak ustadz H. Ali Syakirin ingkang kinurmatan.

Langkung rumiyin mugè keparenga panjenengan sadaya kersaa paring séwu agunging pangaksami dhateng dhiri pribadi kula, déné sampun kumawani matur wonten ngarsa panjenengan sadaya. Inggih awit keparengipun para kadang, kula kadhawuhan ndhèrèkaken lumaksitaning adicara **pengaosan Ahad Kliwon** ngiras pantes **kangge mengeti Isra' Mi'raj** wonten ing titi kalenggahan punika.

Salajengipun mugè keparenga kula ngaturaken agunging panuwun dhumateng Bpk saha ibu..... sakulawarga ingkang sampun kersa nglonggaraken wekdal saha papan kanggé pengaosan Ahad Kliwon ing dalu punika, mugè-mugè dadosa amal kesaénan panjenenganipun Bpk/ibu sakulawarga lan pikantuka lelintu ingkang satraju saking Gusti Allah ingkang Maha Wikan. Amin.

Para jamaah ingkang dipunasihi Allah langkung rumiyin mugè keparenga kula maosaken menggah rantamaning adicara pengaosan dalu punika

1. Pambuka
2. Waosan gema wahyu Ilahi
3. Pambagyaharja
4. Pengaosan Inti dening ustadz H. Ali Syakirin
5. Suka pitakenan
6. Panutup

Ibu, bapak saha para kadang jamaah pengaosan Mesjid Miftakhul Jannah ingkang hinaywan Allah ta'ala, makaten menggah rantamaning adicara pengaosan ing dalu punika. Murih sadaya ingkang sampun rinantam punika saged lumampah kanthi widada nir ing sambikala sumangga adicara punika pinurwakan kanthi kula panjenengan sami ndedonga sesarengan, kula dhèrèkaken, sumangga.

.....donga.....

Para kadang jamaah pengaosan ingkang dipunasihi Allah sampun binuka korining adicara kanthi donga kula panjenengan sadaya, tumapak acara salajengipun nun inggih ... lan salajengipun.

..... **Nglumantaraken rantamaning adicara setunggal mbaka setunggal**

Wiwit purwa madya ngantos dumugi nyaketi wasananipun adicara pengaosan ing dalu punika sampun lumampah kanthi widada kalis ing rubéda nir ing sambikala. Ingkang salajengipun saking kula pribadi ingkang tinanggenah ndhèrèkaken lumaksitaning adicara pengaosan punika temtu kémawon kathah kekiranganipun, saé saking pangrakiting ukara punapa malih suba sita, jer kula namung titah sawantah ingkang tebih saking kasampurnan turta cubluk ing pangertosan. Pramila mugè keparenga panjenengan sadaya kersa paring samodraning pangaksama dhateng dhiri pribadi kula. Pungkasaning atur kula,

Wassalamu'alaikum Wr.Wb.

PITAKENAN

Kawangsulana pitakenan-pitakenan wonten ing ngandhap menika kanthi adhedhasar teks wonten ing nginggil lan kaginakna basa Jawa ragam krama!

1. Jumbuh kaliyan perangan wedharing gati saha purwaka, teks pranatacara wonten ing nginggil menika kaginakaken wonten ing adicara menapa?

Wangsulan:

Kaseratna pawadanipun

2. Sinten ingkang ngandharaken inti pengaosan wonten ing adicara menika ?

Wangsulan:

3. Sinten kemawon ingkang rawuh wonten ing adicara menika ?

Wangsulan:

4. Kaandharna kenging menapa adicara wonten teks ing nginggil kalampahan ?

Wangsulan: